



Se Djeride Jean-Baptiste ki prepare plan leson sa a nan brase lide ak Jean Casimir,
Michel DeGraff epi Ezra Remer

Tèm: Konprann mobilizasyon popilè sou rezo sosyal yo

Tematik : Ede elèv yo dekouvri ki sa ki yon *achtag* epi ki enpòtans *achtag* nan mouvman popilè sou entènèt.

Objektif jeneral leson an : Apati tèks « twòkèt » Pwofesè Jean Casimir ki rele *Teknoloji*, elèv yo ap dekouvri rezon ki fè yo ka vle itilize teknoloji nimerik pou yo pataje mesaj nan kad mouvman sitwayen. Mouvman sa yo sou entènèt ka kore militan k ap goumen nan divès dosye pou enterè nasyon an.

Objektif espesifik : Aprè leson sa a, aprenan yo ap dekouvri ki sa yon *achtag* ye, ki jan yon mobilizasyon popilè ka itilize entènèt epi ki jan yo menm tou, kòm sitwayen, ka itilize *achtag* ak lòt zouti nimerik nan mobilizasyon popilè.

Dekouvri ki sa *achtag* ye :

Nan twòkèt sou « Teknoloji », Pwofesè Jean Casimir di kon sa:

« Lè alèkile WhatsApp vin ranplase radyo tranzistò nan fè lide sikile, epi lè yo disparèt kouri ak lajan Petwo Karibe Venezwela fè nou kado a, sa ban nou peyi lòk. »

Ak grenn fraz sa a, Pwòf la vle fè n konnen ki jan nouvo teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon ka sèvi kòm bon jan zouti pou n fè mesaj yo pase. Jounen jodi a, nou ka wè ki jan fonksyonman rezo sosyal sou entènèt (Facebook, Twitter, Instagram, Tik Tok, WhatsApp e latriye) se tankou yon kokenn chenn « lanbi modèn » nou gen nan men nou pou n fè bon jan mobilizasyon pou n pote chanjman nan sosyete nou yo. Rezo sosyal sa yo ka ede n mande kont tou, lè bagay yo p ap mache byen. Pou sa rive fèt, gen anpil bèl metòd nou ka itilize pou n fè mesaj sa yo pase.

Yon *achtag* se yon « lanbi modèn » vre, wi :

Yon *achtag* (oubyen *mo dyèz* oubyen *mo klik*) se yon *mo kle* ki pèmèt nou fè rechèch byen fasil sou rezo sosyal yo pou n rasanble tout mesaj yon moun oubyen yon gwoup moun lanse sou rezo sosyal yo pou fè yon mesaj pase sou yon tematik ki byen presi.

Ou ka konpoze yon *achtag* byen fasil : w ap sèlman itilize siy sa a (#) ki an jeneral rele « *hash* » ann anglè. An kreyòl, nou rele li « *dyèz* ». Pou kreye yon *achtag*, w ap asoysye siy *dyèz* la ak yon mo oubyen yon gwoup mo ki kole ansanm. Egzanp : *#BlackLivesMatter*, *#KotKòbPetroCaribeA* ...

Dekouvri *achtag* ki deja gen yon gwo enpak :

Sa pa gen lontan, gen 2 gwo mouvman mobilizasyon ki te fèt sou rezo sosyal yo ki te rive lwen anpil e ki te rive touche konsyans anpil moun : youn ki te fèt oz Etazini (*#BlackLivesMatter*) ak yon lòt ki te fèt isit ann Ayiti (*#KotKòbPetroCaribeA*). Gras ak fenomèn *achtag* la, mouvman sa yo te rive touche anpil moun nan yon ti kras tan epi yo te rive fè yon kokenn chenn enpak nan 2 sosyete sa yo. Kon sa, nou kapab wè ki jan, jounen jodi a, li fasil pou n itilize teknoloji nimerik pou n fè mesaj nou yo pase sou rezo sosyal yo epi rive mobilize anpil moun pou yon menm koz. Rezo sosyal yo ede n elimine anpil fwontyè epi tou yo ka ede inisyativ nou yo rive pi lwen.

***#BlackLivesMatter* :**

Mouvman *Black Lives Matter* a kòmanse depi lane 2013 oz Etazini, kote kèk kominote nwa t ap pwoteste kont zak kriminèl polisye blan t ap plede fè sou moun nwa. Youn nan krim ki te fè pi plis eskandal e ki ta pral deklannche mouvman sa a se lè George Zimmerman te touye yon jèn adolesan ki rele Trayvon Martin epi lajistis pa t menm rive fè devwa li pou li pini George Zimmerman kòm sa dwa. Youn nan rezon ki te fè lajistis akite Zimmerman se paske jiri a te derefize kwè youn nan temwen yo — Rachel Jeantel, yon jèn Amerikèn nwa ki gen paran ayisyen. Se Rachel ki te nan telefòn ap pale ak Trayvon nan moman Zimmerman te tire sou li a.

Gen 2 lengwis ki analize sa ki te pase nan tribinal la (Pwòf John Rickford ak Pwòf Sharese King) epi yo vin reyalize se diskriminasyon lengwistik ki te patisipe nan fè jiri a refize kwè temwayaj Rachel Jeantel la. Kòm Rachel pale yon varyete angle ki rele « angle afriken ameriken » e ki diferan de angle pifò ameriken blan yo, prejije rasis jiri a te fè yo konsidere Rachel kòm mantèz ! Osito lajistis deklare Zimmerman « inosan », sa vin lakòz anpil kòlè pami ameriken nwa. Kòm reyaksyon devan enjistis sa a, gen yon militant ki rele Alicia Garza ki te ekri yon atik pou li demontre jan li renmen moun nwa, epi atik la te fini kon sa : « *Black People. I love you. I love us. Our lives matter.* » ki vle di : « Moun nwa. Mwen renmen nou. Mwen renmen tèt mwen tou. Lavi nou dwe konte. » Aprè sa, Patrisse Cullors, ki se bon zanmi Alicia Garza, t ap pral repibliye menm atik la sou Twitter epi li te tou kreye *achtag* *#BlackLivesMatter*.

Achtag *#Blacklivesmatter* sa a t ap pral pwovoke yon lòt gwo mobilizasyon nan mwa me 2020. Lè sa a, se paske yon polisye ameriken ki rele Derek Chauvin te mete jenou l sou kou yon Ameriken nwa ki rele Georges Floyd, jis li rive touye li. Anpil moun te leve kanpe kont yon kalte krim malouk kon sa, espesyalman nan peyi Etazini kote te gen anpil gwo manifestasyon ki t ap mande jistis pou George Floyd. Manifestasyon sa yo se yon deklarasyon ki di lavi tout moun konte, ki donk fòk lavi moun nwa konte tou : *#BlackLivesMatter*. Sa se yon repons an fas moun sa yo ki

toujou ap eseye divize limanite sou baz koulè po pou defann enterè ekonomik ak politik pa yo e pou devalorize lavi moun nwa ak lòt moun ke yo vle kontwole.

#KotKòbPetroCaribeA:

Petro Caribe se non yon pwogram Hugo Chavez, ansyen prezidan Venezwela, te lanse an 2006 pou l pèmèt kèk peyi nan zòn Karayib ak Amerik latin achte petwòl pou yon ti kras lajan nan men Venezwela e pou yo ranbouse lajan sa a aprè 25 lane, ak yon to enterè ki pa depase 1%. Ayiti se youn nan peyi ki te benefisye pwogram sa a. Kantite petwòl Ayiti te resevwa nan men Venezwela a te estime a 3,8 milya dola ameriken. Benefis sou vant petwòl sa a te dwe sèvi pou konstui wout, fè lopital, lekòl, inivèsite ak lòt enfrastrikti ki te ka ede peyi a kòmanse pran kap li sou wout devlopman. Selon divès kalte kritik, benefis pwogram sa a te pase nan gagòt epi pa te gen ase pwojè devlopman ki te rive ateri malgre kalte lajan ki te disponib kòm finansman. Selon divès rapò ki pibliye sou PetroCaribe, pami moun ki t ap dirije peyi a nan moman sa yo te gen ladan yo ki te fè wout kwochi ak lajan an.

Se kon sa anpil moun nan sosyete a te kòmanse ap poze tèt yo kesyon sou lajan sa a. Jou ki te 14 dawout 2018, yon sineyas ayisyen ki rele Gilbert Mirambeau te bande je li ak yon moso twal epi li ekri sou yon moso katon : « Kot kòb Petwo Karibe a ? ». Gilbert Mirambeau te poze aksyon sa a nan yon dat istorik nan istwa d Ayiti nan kad revolisyon ki te kòmanse nan Bwa Kayiman ann out 1791. Pawòl « Kot Kòb Petro Caribe A ? » ta pral touche konsyans anpil moun, epi se kon sa te kòmanse vin gen yon gwo mobilizasyon sou rezo sosyal yo. Mobilizasyon sa a te pote non « *PetroChallenge* ». Epi se nan menm kad mobilizasyon sa a, yon gwoup moun ki rele tèt yo « *PetroChallengers* » ta pral kreye ahtag *#KobKòbPetroCaribeA*, ki ta pral parèt kòm etikèt youn nan pi gwo mobilizasyon popilè kont kòripsyon nan peyi d Ayiti. Jiskaprezan mobilizasyon sa a pa ko fini, paske, malgre tout rapò Kou Siperyè Dè Kont ki se enstans nan leta a ki dwe kontwole ki jan lajan yo depanse, okenn nan moun ki parèt kòm akize nan rapò a pa ko janm al nan lajistis pou yo ta jwenn pinisyon ki tabli pou sa, si lajistis ta jwenn yo koupab vre.

#ToutMounSeMoun #ToutLangSeLang:

Nan ka pa nou ann Ayiti gen anpil bagay ki ta ka revòlte nou epi fè nou lanse anpil mobilizasyon pou ede otorite nasyonal ak entènasyonal konsyan de ki jan pèp la ap souffri an ba yon sistèm peze souse. Depi 10 desanm 1948, Nasyon Zini te adopte « Deklarasyon inivèsèl sou dwa moun ». Nan analiz nou, nou ka wè Deklarasyon sa a kòm yon fason pou Nasyon Zini kontinye yon travay zansèt nou yo te deja kòmanse nan batay yo te fè pou pèp ayisyen an te ka vin lib. *Tout moun se moun* se youn nan prensip nou jwenn nan anpil tèks Jean Casimir yo. Se kon sa tou nou ka di : « Tout lang se lang. » Ki vle di : okenn moun pa dwe pretann gen moun ki pli moun pase lòt moun, ni gen lang ki pli lang pase lòt lang. Se kalte analiz sa a « Tout moun

se moun ; ki fè tout lang se lang » [nou jwenn nan diskou Dominique Dupuy ki se Anbasadè Ayiti nan UNESCO.](#)

Lè nou gade reyalite nou ann Ayiti, nou ka jwenn anpil prèv ki montre ni prensip ki di tout moun se moun lan, ni prensip ki di tout lang se lang lan pa ko janm respekte. Tout bagay sa yo montre ki jan sistèm k ap kontwole peyi a pa ko janm pran tan li pou li derasinen diskriminasyon sa yo. Enjistis sa yo toujou egziste paske gen yon ti gwoup ki toujou pwofite de prejije sa yo (diskriminasyon sou baz ras, klas sosyal oswa lang) pou yo ranfòse pouvwa yo sou sa ki pi fèb yo. Zafè dwa moun ki pa toujou respekte se yon rezon anplis pou nou kontinye lanse bon jan mobilizasyon pou n « chavire chodyè a » — ki vle di : mobilizasyon pou n rive kreye yon lòt sistèm pou yon lòt peyi.

Enben, sa tou vle di nou ta ka sèvi ak 2 ahtag sa yo tou : #ToutMounSeMoun ak #ToutLangSeLang !

Lòt egzanp mouvman sosyal ki sèvi ak ahtag

Gen lòt egzanp moun ki itilize medya sosyal yo ak lòt resous nimerik pou mande chanjman ak pou fè pwomosyon sa ki bon.

Menm jan ak Ayiti, tout sosyete nan mond lan gen bagay ki dwòl k ap pase ladan yo ki ka mete lavi moun an difikilte. Se sa k fè li toujou bon lè gen yon gwoup moun je yo kale, epi yo itilize estrateji pa yo pou mande chanjman nan sosyete nou yo. Menm jan ak nou, gen anpil adolesan ak jèn moun ki ka jwenn kèk bagay ki pa fè yo byen nan sosyete kote y ap viv la, e k ap pase an ba pye kèk dwa fondamantal nan lavi, diyite ak pèsonalite divès gwoup moun.

Jounen jodi a, fenomèn rechofman klimatik la se konsekans move jesyon nou fè de planèt la. Sa se yon fenomèn ki touche tout moun. Ebyen, nou toujou dwe admire moun ki kanpe an fas move jesyon sa yo pou yo reklame yon lòt itilizasyon resous yo. Chanjman sa yo nesèsè pou pwoteksyon anviwonman an kont rechofman klimatik.

Nan sans sa a, n ap prezante 3 jèn k ap itilize teknoloji tankou yon lanbi modèn k ap pèmèt yo touche plis moun nan jefò y ap fè pou yo sansibilize piblik la sou danje rechofman klimatik :

1. Greta Thunberg nan peyi Lasyèd
2. Valéry Fils-Aimé nan peyi d Ayiti
3. Vanessa Nakate nan peyi Ouganda.

Yo tou lè twa ap sèvi ak teknoloji pou yo goumen kont move enpak chanjam klimatik sou planèt la. Tou lè twa moun sa yo trè prezan sou rezo sosyal yo kote y ap pibliye

mesaj pou fè vwa yo pase epi revandike chanjman.

Mete sou itilizasyon rezo sosyal yo, chak moun sa yo rive fè lòt aksyon konkrè kont rechofman klimatik. Sa se aksyon ke yo rive fè nan lavi you tou lè jou.

Nan ka Greta Thunberg pa egzanp, li deside pa achte bagay li pa bezwen, yon fason pou l evite gaspiyaj. Epi tou, depi lè l te gen 15 lane, li te deside pa janm monte avyon.

Valéry Fils-Aimé, bò kote pa l, fè pati de yon ekip ki rele *Haïti Climat*. Youn nan objektif yo se sansibilize epi fòme moun a travè rezo sosyal yo ak kèk emisyon nan radyo. Valéry Fils-Aimé fè kèk dokimantè tou nan menm objektif sansibilizasyon ak fòmasyon sa a.

Vanessa Nakate, li menm, te kòmanse yon grèv an janvye 2019 ; yon fason pou l te fòse gouvènman an chanje politik li pou peyi a rive fè fas kare ak malè pandye rechofman klimatik.

Aktivite pou klas la :

Nan twòkèt Pwofesè Jean Casimir sou teknoloji, Pwofesè a fè n konnen « lekòl gen pou sispann aprann moun toupizi malere parèy yo ». Nan pawòl sa a, nou ka konprann li pa janm ni twò bonè ni twò ta pou nou aprann ki jan pou n mobilize tèt nou, mete fòs nou ansanm pou n di byen fò « **Tout moun se moun !** » epi pou n rele chalbari dèyè tout enstans ki ka anpeche prensip sa a tounen yon reyalyte.

Jounen jodi a, rezo sosyal yo se youn pami plizyè estrateji pou n fè bon jan mobilizasyon. Ki donk, sa ta bon si elèv yo ka aprann sèvi ak rezo sosyal yo depi sou ban lekòl. Itilizasyon rezo sosyal yo ka ede elèv yo aprann sèvi ak teknoloji pou yo mete tout fòs yo ak tout kapasite yo ansanm pou mande chanjman pandan y ap fè rechèch pou yo eseye rezoud pwoblèm k ap frape kominote pa yo. Lè n ap gade laj itilizatè rezo sosyal yo ki angaje tèt yo nan mouvman mobilizasyon pou demen miyò, sa demontre li pa janm ni twò ta ni twò bonè pou n goumen pou sa ki bon.

Men tou, pinga nou iyore danje rezo sosyal yo. Pa egzanp, fo nou se youn nan vye bagay k ap simaye pami rezo sosyal yo. Wi, gen moun ki itilize rezo sosyal yo pou yo fè move bagay tankou zen, kout lang, vòlè idantite, vòlè lajan, e latriye. [Platfòm MIT-Ayiti ofri resouski ka eden itilize rezo sosyal an sekirite.](#) Sa preferab pou n itilize entènèt la sèlman pou n fè bon bagay e se pou rezon sa a nou kreye leson sa a — pou n ede elèv yo konprann ki an chak moun ka deside mennen konba pozitif gras ak teknoloji kòm « lanbi modèn » !

1. Aprè **#BlackLivesMatter** ak **#KotKòbPetroCaribeA**, èske w konnen yon lòt kanpay mobilizasyon sosyal ki te sèvi ak ahtag e ki te touche w ? Si wi, ki sa li te ye, ki objektif li epi ki sa ki te pi plis atire atansyon w ladan ?
2. Pwofesè a ka divize sal klas la an 3 gwoup epi mande chak gwoup pou yo al fè rechèch sou Greta Thunberg, Valéry Fils-Aimé (oubyen *Haïti Climat*) epi Vanessa Nakate. Lè rechèch sa yo fin fèt, chak gwoup ava prepare epi prezante yon ekspoze sou rezilta rechèch yo.
3. Pwofesè a ap envite chak elèv nan klas la pran telefòn yo, epi yo chak ap kreye yon kont Twitter ak tout yon ahtag pou kou a. Chak moun ap kreye yon lis falowè (« *followers* » ann angle) epi youn ka kòmanse swiv lòt. Epi pandan pwofesè a ap anseye kou a, chak moun ki bezwen poze yon kesyon kapab kreye yon twit pou yo pataje kesyon sa a, epi chak twit ap mete ahtag yo te kreye pou kou a. Elèv yo ka mete ahtag la kòm dènye pawòl nan twit la. Si se yon kòmantè ki montre elèv la dakò ak yon bagay nan kou a, elèv ki fè twit la ka mete siy « + » nan twit la. Si se yon kòmante pou l montre li pa dakò ak yon bagay, li ka mete siy « - ».
4. Pwofesè a ka mande elèv yo èske yo panse yo angaje ase nan sa ki gen pou wè ak aktivite politik epi sosyal nan peyi yo. L ap tou mande yo ki sa pawòl « angajman sosyal ak politik » vle di pou yo epi l ap ka lanse yon ti deba nan sal klas la. Petèt anpil nan elèv yo ava reponn pou di yon « moun angaje » se yon moun k ap patisipe nan yon gwoupman sosyal oubyen politik oubyen se yon moun ki toujou sou beton an nan manifestasyon k ap fèt yo oubyen se yon moun ki poze kandidati l nan pozisyon politik.
5. Pou pwofesè a fè aprenan yo pran konsyans tout moun ka angaje tèt yo, li ka bay yon egzann pratik kote l ap pwopoze pou aprenan yo kreye ahtag **#KabaDiskriminasyon**.
6. Kounye a, lè pwofesè a fin ede elèv yo dekouvri ki sans mo « angajman » an dwe genyen nan reyalite pa yo, l ap bay yon devwa kote l ap mande elèv yo pou yo mete yo dakò sou yon tèm ki manyen tout moun nan kominote kote y ap viv la epi y ap kreye yon ahtag pou yo kòmanse yon kanpay sansibilizasyon sou tèm sa a.

Pwòf la ka tou ede elèv yo byen monte kanpay la pandan y ap swiv etap sa yo :

- Fikse objektif kanpay la.
- Jwenn yon sitiyasyon nan kominote a ki konsène tout moun, men, ki ale nan sans dwa moun, jistis, reklamasyon pou yon demen miyò, e latriye.
- Fòmile yon mesaj epi tou kreye ahtag pou li.
- Eseye jwenn kèk tranch laj oswa gwoup sosyal oswa zòn jeyografik ke n dwe sible.
- Itilize rezo sosyal yo ak ahtag la kòm estrateji.
- Epi pran dispozisyon ki nesèsè pou lanse kanpay la. Li ka fèt sou Twitter ak sou Facebook. Epi si yo vle, yo ka eseye pran kèk foto sitiyasyon yo vle amelyore a pou yo kore mobilizasyon an, epi pibliye yo kòm « Story » sou Instagram oswa Facebook.

Lè kanpay la fin lanse, pwofesè a ap bay lapawòl pou chak elèv yo ka di ki sa yo panse de kanpay pa yo epi ki sa yo te remake. Epi nan echanj sa a, pwofesè a ava ede elèv yo dekouvri tout bon vre ki jan « finalman lakou a gen mwayen pou mete fòs li an batri », [jan Pwofesè Jean Casimir esplike sa nan tèks li a.](#)

Sous nou te itilize pou prepare plan leson sa a :

<https://habilomedias.ca/ressources-pédagogiques/introduction-à-la-mobilisation-de-la-communauté-virtuelle>

<https://www.complex.com/life/young-activists-who-are-changing-the-world/bana-alabed>

<https://haiticlimat.org/site/>